

Serie No. 32

Kooykaas

Regi

10:20

Hoer : aar

WASON

PL

5179

S47

1922

ASIA

SENGGOETROE.

Salinan saka
kagoengané toewan

Dr. G. A. J. HAZEU.

Tjap-tjapan kang
kaping teloe.

UITGAVE VAN DE COMMISSIE
VOOR DE VOLKSLECTUUR.

Wedalan Balé Poestaka.

CORNELL
UNIVERSITY
LIBRARY

PL
5179
S47
1922

GE NADINK & SON
OLD & MODERN BOOKS
Korte Korsjespoortsteeg 8
1012 JC AMSTERDAM
The Netherlands

C. Hooykaas.

Dr. C. HOOPYKAAS

Hooglestraat

te Rotterdam



Sekolah kelas II No. 2

N. A WEN

19 Februari 1934



(1841-1842)
11
378



SENGGOETROE.

Salinan saka
kagoengané toewan

Dr. G. A. J. HAZEU.

Tjap-tjapan kang
kaping teloe.

DRUKKERIJ VOLKSLECTUUR,
WELTEVREDEN 1922.

Wedalan Balé Poestaka.

Scholar kelas 1100 2

NAWEN

19 Februari 1934

sadé djenang dateng peken, awitjanten dateng anak-
ipoen makaten :

„Senggoetroe ! Pikirkoe rada ora kepénak, tangga désa
kidoul koewé anaké mentas dipangan ing boeta, moeng-
goeh saka karepkoe : kowé miloea akoe loenga menjang
pasar.”

Wangsoelanipoen Senggoetroe : „Bijoeng, akoe ana
ngomah baé, moeng lading gapit tjilik kaé tinggalah
taggawané, siwa Boeta Idjo saiki wis ora pati nggo-
lèki akoe, jèn teka, saben anjeloeak akoe bandjoer
taksaoeri, dèwèké wis nrima, sarta bandjoer mangan
djenang ngèngèhankoe baé.”

Bijoengipoen Senggoetroe ladjeng késah kalihan wi-
tjanten : „Ija ta, nanging sing ngati-ati, djenangmoe
takdèkèkaké ana ing salang.”

Senggoetroe amangsoeli : „Ija, bijoeng, mengko jèn
akoe arep mangan takdjoepoeké déwé.”

Sakésahipoen bok randu, poen Senggoetroe ladjeng
oempetan ; sareng sampoen wantji ngadjengaken petjat
sawet enèm, Boeta Idjo dateng. Saweg doemoegi ing
latar sampoen atjeloeak-tjeloeak kados adatipoen : „Seng-
goetroe ! Senggoetroe !”

Wangsoelanipoen Senggoetroe semoe anjenjampahi :
„Walang pontang, wa.”

Boeta Idjo : „Embokmoe menjang ngendi?”

Senggoetroe : „Menjang pasar, wa.”

Boeta Idjo : „Ngèngèhané apa?”

Senggoetroe : „Ngèngèhané djenang, wa.”

Boeta Idjo : „Ana ngendi?”

Senggoetroe : „Ana salang, wa.”

Boeta Idjo : „Wadahané apa?”

Senggoetroe: „Wadahé pandjang, wa, soeroené patjoel gowang, wa.”

Boeta Idjo: „Enggonmoe ana ngendi?”

Senggoetroe: „Ora karoeahan, wa.”

Boeta Idjo anggèning madosi ngantos dangoe boten saged pinanggih, manahipoen kaken sanget, ladjeng amendet djenang ingkang goemandœel ing salang: kateda. Sareng sampoen telas panedani-poen, ladjeng dateng pawon, mingak-mingoek ngoepados tetedan sanesipoen, aningali ing paga wonten beton nangka mentah salajah ageng, dipoenpendet ladjeng kabakar sadaja. Samatengipoen toemoenten kateda, dipoeniras wonten ingadjeng pawon kalihan alinggi ing batok boloe, telas panedani-poen beton, Boeta Idjo wahing. Ing mangka poen Senggoetroe anggènipoen ndelik wonten ing batok boloe ingkang kadamel linggi waoe. Poen Senggoetroe mireng wahingipoen kagèt ndjelih. Boeta Idjo goemoedjeng nggoegoek, witjantenipoen: „Lah, saiki, Senggoetroe, kowé bisa ketemoe.”

Batok ladjeng dipoenbikak, Senggoetroe katjepeng, Boeta Idjo witjanten malih: „Lah, déné manis-manis temen roepamoe, Senggoetroe! saiba segeré rasané awakmoe kijé.”

Senggoetroe mangsoeli: „Wa Boeta Idjo! akoe adja kopangan, waregmoe sapira, akoe moendak mati.”

Boeta Idjo: „Apa abamoe.”

Poen Senggoetroe badé kateda, saweg dipoenangabaken tjangkempoen Boeta Idjo ladjeng mantjolut dateng telak, loemebet ing goewa-garba, wilœdjeng boten kamamah. Senggoetroe wonten wadoeking Boeta Idjo witjanten:

„Wa, wa, Boeta Idjo! sing poetih-poetih dawa iki apa?”

Boeta Idjo: „Koewi oesoos.”

Senggoetroe: „Dakirisé, ja, wa!”

Boeta Idjo: „Adja, Senggoetroe, saiba larané oesoos-koe arep koiris.”

Senggoetroe: „Apa abamoe” maoe kowé dakpenging mangan akoe ija ora gelem, kowé koedoe gawé patikoe, toer pamanganmoe ora sapira, nganggo kowé tjalaŕoe: „Apa abamoe,” saiki gentèn, sanadjan kowé boeta loewih gedé doewoer prakosa banget, ananging saiki kowé dadi ringkih.”

Boeta Idjo: „O, enggèr Senggoetroe, alimana akoe, oesooskoe adja koiris.”

Senggoetroe: „Moelané wong doewé pangoewasa ikoe adja doemèh jèn lagi menang, hara, akoe wetokna, mengko jèn akoe wis ana ing djaba mesti ora sida dakiris oesoosmoe.”

Boeta Idjo „O, ora bisa, Senggoetroe, akoe moetahaké kowé.”

Senggoetroe: „Sanadjan kowé bisa ngoetahaké akoe, ja bandjoer kopatèni.”

Oesoesipoen Boeta Idjo ladjeng dipoeniris-iris, Boeta Idjo klabakan ndawah, sambatipoen:

„Senggoetroe! mati akoe.”

Senggoetroe: „Sing goemantoeng tangkeban sapa-sang iki apa, wa?”

Boeta Idjo: „O, koewi ati, Senggoetroe.”

Senggoetroe: „Dakirisé, ja, wa!”

Boeta Idjo: „O, adja, enggèr, Senggoetroe!”

Senggoetroe: „Apa abamoe.”

Ladjeng dipoeniris, Boeta Idjo asesambat bengak-bengok: „Mati akoe, larané ora djamak.”

Senggoetroe: „Polahmoe ora karoehan, wa, apa saka boengahmoe, lah sing kaja kembang gedang iki apa, wa?”

Boeta Idjo: „Koewi djantoeng, Senggoetroe, adja kopik-epik, akoe mengko bakal mati, jèn djantoengkoe koiris.”

Senggoetroe: „Jèn djantoengmoe ora olèh dakiris, sing dakpangan apa, wetengkoe ngelèh.”

Boeta Idjo: „Lijané baé, Senggoetroe, adja koewi.”

Senggoetroe: „Wa, wa, iki apa sing rada, boender?”

Boeta Idjo: „Ikoe gindjel, Senggoetroe.”

Senggoetroe: „Dakirisé, ja, wa?”

Boeta Idjo: „O, adja.”

Senggoetroe: „Lah, kepijé, sing dakpangan apa, ngèngèhankoe djenang wis kopangan, akoe milih-milih sing bakal dakpangan, kowé koedoe ora olèh.”

Boten tarèn malih poen Senggoetroe ladjeng ngirisi djeroanipoen Boeta Idjo, saking sakitipoen, danawa Idjo klabakan ladjeng pedjah wonten òadèh kebon wingking grija, Senggoetroe atjeloe-k-tjeloe-k:

„Wa! wa! Boeta Idjo! wa! wa! lo kok teka meneng baé siwa iki, apa toeroe, apa wis mati, djadjal djeroané dakirisé manèh, jèn isih oerip kang mesti sambat.”

Boeta Idjo dipoenirisi djeroanipoen mènèl kémawon, amratandani bilih sampoen pedjah, poen Senggoetroe wonten wetenging danawa mindak ageng, kados kalimrahanipoen laré, ladjeng medal. Senggoetroe soemerep woedjoeding danawa éram sanget, sabab woedjoedipoen langkoeng ageng inggil, mila Senggoetroe ngoenandika makaten:

„Akoe iki saméné tjilikoe, apa manèh botjah wadon, ing mangka bisa ngalahaké boeta kang samono gedé-
doewoeré, lan kang dadi werining botjah-botjah kabèh,
dadi tetéla banget saka pitoeloenging Allah.”

Poen Senggoetroe mantoek ladjeng adoes, badanipoen sakodjoer dipoenlandani, sindjang lan rasoekanipoen dipoenwasoehi, ladjeng santoen panganggé. Saweg djoengkatan wonten sangadjenging kori, embokipoen Senggoetroe dateng, njèlèhaken bebetanipoen kalihan witjanten:

„Senggoetroe, kowé teka ~~aman~~ dan rawa? adoes kramas, angadi-warna, teka petjah pamoré anakoe, enja gilo, dakolèh-olèhaké kang dadi dojananmoe, pa-
nganen.”

Wangsoelanipoen Senggoetroe: „Ija, bijoeng, mengko kowé dakkandani, wetengkoe selak ngelèh, dakmangan olèh-olèh *qisik*.”

Senggoetroe ladjeng nedà sekoel oelam sarta panganan olèh-olèh waoe, sareng sampoen toewoek wiwit tjarijos:

„Bijoeng, sapoengkoermoe maoe siwa Boeta Idjo mréné, nggolèki akoe, ora bisa ketemoe. Barang simpenan kabèh dipangani; soewé-soewé nggolèki akoe ketemoe, bandjoer dioental, bareng akoe ana sadjroning wa^ooek boeta, djeroané kabèh dakirisi. Soewé-soewé si Boeta Idjo mati, bijoeng, wetengé dakbedah, bareng wis bolong akoe noeli metoe kalawan slamet.”

Bijoengé tjala^ooe: „O, enggèr, dadi kowé *dèk* maoe dioental boeta, rahajoe banget déné bisa metoe kalawan slamet.”

Anakipoen dipoenrangkoel sarta dipoenamboengi, temboengipoen: „Saiki ana ngendi, nggèr, boetané?”

Wangsoelanipoen Senggoetroe: „Ana ndadah kebon boeri kana, bijoeng.”

Bok ranða énggal anoewèni bangkéning danawa; sareng soemerep langkoeng adjiihipoen, ladjeng wangsoel kémawon, anakipoen dipoenpoeroegi saha dipoenrangkoel malih, witjantenipoen:

„Senggoetroe, kaprijé déné kowé bisa matèni boeta kang samonó gedéné?”

Wangsoelanipoen Senggoetroe: „Ija, bijoeng, lah wong boeta salah, dadi moenggoeh patiné ija kalawan gampang, enggonkoe matèni ora rekasa.”

Saking bingahing manah, bok ranða énggal amiloe-djengaken ingkang winastan „Narawéda.” Para tangga tepalihipoen sami dipoenoendangi, ingkang sami dateng kalebet wakiling Brahmana (toekang donga) wonten tijang woloe, sami linggih wonten ngambèn angepoeng ambengan. Bok ranða madjeng sarta witjanten: „Sadèrèkkoela ingkang sepoeh toewin ingkang enèm, mila koelaatoeri sami pinarak ing saloe pirantoskoela, perloe koelaatoeri naksèni, koela amiloedjengi anakkoela poen Senggoetroe, djalaran mentas kateda danawa saged medal saking goewa garba kanti willoedjeng, malah-malah danawanipoen pedjah, déné anakkoela waoe, itjala badjang sawanipoen, rineksaha ing Déwa.”

Brahmana ladjeng ndongani ambeng kadjatipoen bok ranða waoe, sabakdane donga, ambeng kabagé waradin kados adat, tirahaning panedaniipoen sami kabekta mantoek pijambak-pijambak, ingkang kawastanan sekoel brekat.

Katjarijos poen Senggoetroe saja ageng, warninipoen katingal saé, ngantos dados kondang-kidoenging para

djedjaka ing paðoesoenan prepat mantja gangsal. Déné para tetijang ing ðoesoen ngrikoe taksih sami prihatos kémawon; sabab kadang kala taksih kaambah ing danawa ingkang saéngga weri, lami-lami wartos waoe sampoen kamirengan ing nagari Djenggala. Menggah ingkang djoemeneng Nata wonten ing nagari Djenggala Maha Praboe Lemboe Amiloehoer, mijos tinangkil ing siti loehoer kados saben-saben, kapraboning Naréndra ageng, kaadep déning para poetra, ingkang sami sowan: 1. Radèn Pandji Asmarabangoen, 2. Radèn Pandji Tjarangwaspa 3. Bradjanata, 4. Kartala, 5. Andaga, 6. Wiroen, 7. Soenggingan, poenapa malih kadang-kadéan sadaja pepak. Déné ingkang magelaran Patih Koedanawarsa sakantjanipoen Boepati sapangandap sadaja. Sang Nata lenggah ing dampar kantjana kados Djawata angédja-wantah.

Rekjana Patih Koedanawarsa sowan ingarsa Nata nembah ladjeng matoer:

„Doeh! Goesti kawoela Sang Praboe, kawoela angoen-djoeki oeninga, siti kagoengan Nata, inggih poenika ing ðoesoen Welahan, samangké dipoenambah déning danawa wanan, dados ing ðoesoen waoe kapétang mangsa prasé, kawoelaning Nata sami sisah sadaja, boten saged nggarap sabin toewin pategilanipoen.”

Sang Praboe ing Djenggala mireng lapoeranipoen kjai Patih, welas dateng para tijang ingkang sami karisakan waoe, doeka salebeting panggalih, ngantos gondjing palenggahanipoen. Ing wasana karsa midji dateng poetra ingkang nama Radèn Wiroen, andikaning Nata:

„Koeloep, Wiroen, sira ingsoenoetoes, ilangna we-

rining désa Welahan, ja ikoe kang roepa boeta alasan, angantia adinira si Arja Soenggingan; wis koeloep, bandjoer mangkata sadina iki, sabab mesakaké botjah-botjah ndésa kabèh."

Atoeripoen Radèn Wiroen: „Noewoen inggih sandika."

Radèn Wiroen ladjeng pangkat kalihan ingkang raji Radèn Soenggingan, keboet sawadya-balanipoen, lampahipoen ing margi boten katjarijos.

Sang Praboe Lemboe Amiloehoer anggèning siniwaka kondoer angenjapoeri, kjai Patih sakantjanipoen sami mantoek pijambak-pijambak.

Gentos tjinarijos. Lampahipoen Radèn Wiroen doe-moegi ing doesoen Welahan, kèndel sadinten-sadaloe angasokaken sarira. Éndjingipoen pirembag kalihan ingkang raji Arja Soenggingan soemedja amadosi danawa poendi panggénanipoen.

Dawoehipoen (dateng) Radèn Wiroen: „Jaji, sira loe-makoea mangidoel, akoe kang mangalor."

Wonten loerah sepoe moendjoek dateng Radèn Wiroen: „Doeh! Goesti, sadaja karsa padoeka poenika prajogi, ananging moerih majaripoen ing lampah makaten: Para pangageng doesoen, oemboel, boejoet sami katimbaban; menggah perloenipoen kadawoehan anedahaken panggénaning danawa, manawi sampoen kantenan danganipoen, oetawi pasabanipoen, boten rekaos anggèning moeroegi badé marwasa."

Radèn Arja Wiroen mireng atoring kawoelanipoen makaten waoe, kagalih langkoeng prajogi, ladjeng ngandika dateng Radèn Soenggingan:

„Jaji, dakrasa-rasa loewih prajoga atoeré si loerah

Denta. Lah, iki, jaji, oetamané wong leloengan kanti wong toewa, sacepama lakoe iki maoe bandjoer pada dilakoni kaja prijé, kang masti bandjoer sajah, si boeta doeroeng bisa ketemoe."

Radèn Wiroen ladjeng dawoeh datang loerah Denta soepados anglempakaken para pangagenging doesoen-doesoen oetawi boejoet oemboel.

Loerah Denta ladjeng préntah datang Soeradenti, saha toemoenten angradinaken préntah, kanti djadjar sadasa, boten dangoe sami angirid oemboel boejoet sami sowan ngarsanipoen Radèn Wiroen, kalihan sampoen mirantos dedamel.

Radèn Wiroen ndangoe datang para boejoet, oemboel, ingkang sami datang: „Èh, boejoet, lan para oemboel kabèh, moenggoeh panggonané boeta kang dadi weri-ning padésan ikoe, dangkané ngendi, lan sing kerep ditambah ingendi?"

Atoeripoen boejoet ing Welahan: „Noeninggih, Goesti, manawi ing wantji éndjing makaten poenika, sami ti-lem ing groemboel-groemboel toewin panggénan goewa-goewa ingkang sepi boten kaambah ing tijang; mangké wantji tijang doesoen sami mantoek saking peken, ladjeng tangi angadang margi, poendi ingkang saged katjepeng ladjeng kateda, terkadang mangké sakedap sami pating-tlasak datang ing padoesoenan."

Radèn Wiroen ngandika: „Mara, paman boejoet, akoe toedoezna, ingendi panggonané si weri boeta?"

Boejoet Welahan ladjeng ndèrèkaken Radèn Wiroen, anedahaken panggénaning danawa, Radèn Wiroen énggal tedak manoet pitedahipoen ki boejoet, doemoegi ing groemboel wana Tjepokal. Ki boejoet moendjoek:

„Goesti, inggih groemboel ingkang ageng pijambak pœnika, ingkang sami dipoenenggèni para danawa weri.”

Radèn Wiroen soeka ing panggali; groemboel ladjeng kaḍawoehan ngepang, barisan ingadjeng para abdi nagari, ing wingking para boejoet oemboel, oetawi tijang alit ingkang kawitjal kendel, sami pating-baṭiṭit. Sareng sampoen tepang pangepangipoen, tengara gong-bèri kaḍawoehan naboeḥ, swaranipoen oejeran nggegeteri; mangka saben abdi loerah satoenggal, gong-bèri kalih, mila swaranipoen saklangkoeng ramé.

Katjarijos para danawa taksiḥ sami sakétja atilem. Sareng mireng swara oejeran angebeki wana, sami kagèt tangi saking nggèning sami tilem, goegoep pating-gedandap medal saking groemboel, anatab kekadjengan, wonten ingkang kasarimpet ing bebonḍotan.

Wondéné para ingkang sami ngepang, soemerep solahing danawa medal saking groemboel pating-bedigas angadjrihi, ingkang djirih loemadjeng, wonten ingkang ndéprok, wonten ingkang adjelij-djelih sesambat bapa bijoeng, wonten ingkang pating-biloeloeng pados pandelikan, ingkang kendel sami ambekik, kantja nagari sami asoerak-soerak. Para danawa ladjeng dipoenkrótjok ing dedamel, danawa anandang kanin, ladjeng nradjang poeroen. Nirbaja, nirwikara, kroḍa angamah-amah amakikikan, goemoeloeng ander-pati, angerah, angerek anjenjempal, gègèr para tetijang kados gabah dipoeninteri, tanboeh-tanboeh solahipoen, pamoeking danawa nggegirisi, wadyanipoen Radèn Wiroen boten mangga-poelih, ngisis asar-saran.

Radèn Wiroen mirsa abdi sadaja sami kasoran prangipoen lan danawa ingkang ambeg doertjara, doeka jajah

sinipi, angasta talempak anaradjang poeroen, sinander ing ditya tjaroek asilih oengkih. Saking kijatipoen Radèn Wiroen, saking agenging danawa, talempak ingkang kagem anjoetat danawa: poetoeng, ditya njander anoebroek badé angroeket tinabok pedjah kapisanan. Radèn Wiroen kinaroeboet ing danawa katah boten mingkoeh, solahipoen tjoekat kebat kados prendjak tinadji. Danawa ingkang tjelak sami pedjah déning asta kémawon. Saja dangoe rota-danawa langkoeng katah ingkang datang amarwasa Radèn Wiroen, kalin-dihing prang Radèn Wiroen kénging katjepeng ka-boetjal tebih. Déné Radèn Soenggingan makaten oegi, dawahipoen katampénan raka Radèn Wiroen, ladjeng kadangoe:

„Jaji, sira apa isih wani prang lan boeta manèh.”

Atoeripoen Radèn Soenggingan: „Taksih poeroen, kangmas, saoepami wewaha samanten engkas, koela boten badé oelap, kangmas”.

Radèn Wiroen ngandika malih: „Lah mangkono, koewanèné Radja sinatrija ikoe, koedoe binéda lan bangsa kalésa, akoe ija mentas diboewang ing boeta, jaji, sarta doeroeng soewé tangikoe, sira katon koemléjang énggal daktjandak iki. Lo! lo! lo! jaji, daksawang boeta kaé kaja pada boengah-boengah temen, pating galidro anjedak maréné. Jaji adja kongsi kesowèn, énggal dakpoengkasané.

Radèn Wiroen angasta djemparing angambat langkap, medal mbaroeboel sandjata gandawastra, koemroesoek ingawijat kébekan djemparing, anggijoet datang rota danawa, goendam-goendam sami loemadjeng nggendring, bibar laroet sadaja sinaponan djemparing.

Ki loerah Soeradenta Soeradenti sami marek ing goesti oematoer alon: „Doeh goesti, moegi kaoeningana, mengsah rota danawa sapoenika sampoen sirna, ingkang kantoen pedjah sadaja oetawi satengah pedjah, amoeng pating glereng, ngadeg-ngadeg rebah.

Radèn Wiroen ngandika: „Jèn mangkono, ajo pada ngaso, ngantarakaké bokmanawa sédjé dina boetané bali manèh amintâ sraja; saiki kantjamoe pada oendangana mangkat marang désa Welahan.”

Ki loerah matoer: „Sandika, goesti.

Bendé gong bèri ladjeng tinaboeh angoengkoeng, wadya-bala ladjeng mangkat bidal alon-lonan. Boten dangoe doemoegi ing doesoen Welahan. Radèn Wiroen dipoenatoeri sipeng ing grijanipoen boejoet Welahan, angentosi rota danawa, taksih poeroen angresahi padoesoenan malih poenapa boten; para wadya-bala sami makoewon sadjawining doesoen, anjakétjakaken badan pijambak-pijambak.

Ing satoenggiling dinten, Radèn Wiroen karsa ameng-ameng alelédang ndjadjah doesoen Welahan, Radèn Soenggingan boten ndèrèk, amoeng kadèrèkaken loerah sepoeh kekalih. Samargi-margi ndangoe nalika danawa angambah padoesoenan toewin grija-grija poendi ingkang dipoenlebeti ing danawa waoe.

Atoeripoen oemboel ingkang ndèrèk: „Goesti, meng-gah kagoengandalem doesoen poenika, prasasat sadaja grijanipoen abdidalem sami kalebetan rota danawa, nanging para tetijang ingkang sami gegrija boten koewawi nanggaelang danawa weri waoe, goesti, mila dipoenpila-oer angili angoengsèkaken anak rajatipoen. Éwadéné

wonten lelampahan ingkang sanget élok, ngantos anggoemoenaken sanget, inggih poenika wonten danawa Idjo ingkang ageng inggil anglangkoengi kantjanipoen, poenika pedjahipoen kalihan raré alit toer èstri."

Radèn Wiroen goemoedjeng alatah mirengatoer makaten waoe, andikanipoen: „Paman oemboel, tjaritanira ikoe teka kaleboe ndoepara, kaprijé nalaré, déné botjah wadon tjilik bisa matèni boeta kang loewih gedé doewoer, ing mangka kowé mentas anjaritakaké boeta kang loemrah baé pada sira tanggoelang kalawan gegaman pada kalah, wekasan matining boeta maoe moeng déning botjah wadon kang isih tjilik, apa ora kaliroe, paman oemboel, mara akoe tjaritakna sabab-sababé."

Ki oemboel malèngèh goemoedjeng sarwi toemoengkoel, saha ladjeng angatoeraken lelampahanipoen Senggoetroe kaoental ing danawa ngantos doemoegi pedjahing danawa Idjo, rara Senggoetroe waloeja doemoegi samangké, oetawi malih bangkéning danawa oegi taksih wonten kebonipoen.

Radja poetra ing Djenggala Radèn Wiroen éram mirengatoering oemboel waoe, ladjeng kadawoehan anedahaken panggénanipoen batang danawa, Radèn Wiroen kadèrèkaken. Sadoemoegining panggénan batang danawa, mirsa woedjoedipoen saweg angaboeh-aboehi, saja sanget ngoengoen, déné badanipoen ageng pandjang.

Rara Senggoetroe wonten ing grija, manahipoen awidag-widig, kedah medal saking grija toemoet kantjanipoen para rara ingkang pating-garoebjoeg patingtalénok aningali poetra ing Djenggala Radèn Wiroen ingkang kondang bagoes tanpa sama. Dasar sampoen raré diwasa, warninipoen montjol pijambak, anggèning

badé soemerep Radèn Wiroen katah palanganipoen; mangka Sang kinondang bagoes tanpa sami saba kebonipoen. Senggoetroe ladjeng medal saking grija, doemoegi tritis grija wingking ndodok, amoeng aling-aling prawan satoenggal, ingkang kiwa sigoe ing warni, mila saja njaèkaken woedjoedipoen Senggoetroe, anggèning mandeng anamataken Radèn Wiroen boten kirang tjeta.

Rara Senggoetroe angoenandika: I, i, i, njata bagoes banget Goesti Wiroen koewi, sadjegkoe oerip doeroeng weroeh wong bagoes kaja mangkono. Digolèkana ngalam-donja iki ora ana manèh, moeng Goesti Wiroen, pantes baé dadi kondang-kidoenging djagat, géné saleléwané sarwa patoet, apa tekané kéné iki nggawa goena desti, teka gawé rasaning atikoe. Doeh Goestikoe wong bagoes! moegi asiha dateng badankoela”.

Inkang saweg amirsani bangkéning danawa mèsèman angandika: „Èh, oemboel, déné bolonging weteng boeta iki ora pati amba, botjahé sapira gedéné, lan ingendi omahé?”

Atoering oemboel: „Doeh, Goesti Wiroen, raré waoe sareng medal saking goewa-garbaning danawa, samangké sampoen ageng. Inggih poenika, rarénipoen wonten wingking grija ampingan rara ingkang tjemeng poenika, Goesti.”

Radèn Wiroen mirsa warninipoen rara Senggoetroe kasmaran salebeting panggalih, doek tempoek paningalipoen Radèn Wiroen lan rara Senggoetroe panggalihipoen koemesar, ladjeng réwa keplèsèt, sarta ladjeng ndangoe:

„É, botjah wadon, sapa sing doewé omah tjilik, teka betjik lan koemrisik?”

Prawan tjemeng loemantjang oematoer: „DoeH, Goesti! poenika grijanipoen bok Senggoetroe, inggih poenika embokipoen rare ingkang wonten wingkingkoela poenika.”

Rara Senggoetroe toemoengkoel mèsèm, Radèn Wiroen saja gambira solahipoen, angandika dateng ki oemboel:

„Lah ta, oemboel, sira timbalana bok ranða kang anaké ajoe.”

Ki oemboel sampoen pinanggih njai ranða wonten nglatar, ladjeng kairid sowan. Sadoemoeginipoen ngarsaning Radèn Wiroen ladjeng matoer:

„Poenika, goesti, tijang ingkang gadah anak ajoe poen Senggoetroe.

Radèn Wiroen: „É, embok ranða, iki apa anakmoe kang bisa matèni boeta?”

Bok ranða: „Inggih, goesti, ingkang medjahi danawa Idjo poenika anakkoela poen Senggoetroe.

Radèn Wiroen: „Jèn mengkono anakira ikoe woes prasasat tapa, bok ranða, awit woes anglakoni ana weteng boeta, kang ikoe bok ranða, jèn kowé tjondong ing pamikir, anakira si Senggoetroe ingsoen poendoet dadia garwaningsoen.

Bok ranða: „Noewoen inggih, goesti, kawoela amoeng sadarmi anak-anak kémawon, boten langkoeng kawoela noewoen soemangga ing goestikoela Sang binagoes.

Poen Senggoetroe ladjeng dipoendandosi, sampoen dados garwanipoen Radèn Wiroen, kabekta kondoor dateng nagari Djenggala, lestantoen dados garwa amoekti wibawa.

Cornell University Library
PL 5179.S47 1922

Senggoetroe /



3 1924 010 015 612

ech

DATE DUE

MAY - 21		
GAYLORD		PRINTED IN U.S.A.

